# ÆНÆРЫНЦОЙ АХУЫРАДОН АРХАЙДЫ КОНСПЕКТ
# ХИСТÆР КЪОРДЫ САБИТÆН

*Хъомылгæнæг Дзгойты Зæлинæ*

**ТЕМÆ: «ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ ПАДДЗАХАДОН СИМВОЛТÆ»**

**НЫСАН:** - Сфæлхатын æмæ ныффидар кæнын сабиты зонындзинæдтæ Уæрæсе æмæ Ирыстоны паддзахадон символтæ: тырыса, герб æмæ гимны тыххæй; цы нысан кæнынц тырысайы хуызтæ æмæ гербы нывгæндтытæ, уый тыхæй. Сабиты ахуыр кæнын сæ хъуыдытæ иронау дзурын, дзырдтæ хъуыдыйады кæрæдзимæ раст бæттгæйæ грамматикон æъдаумæ гæсгæ.

- Парахат кæнын сабиты зылдкаст, дзырдуат; рæзын кæнын сæ хъуыдыкæнынад, зæрдылдарын, зонынуарзондзинад, сфæлдыстадон фæлгæнæн, моторикæ.

- Цæмæй сæрыстыр уой сæ райгуырæн бæстæйæ, уыцы хуызы хъомыл кæнын сабиты. Алы хуызы æрмæг æмæ архайдæй пайда кæнгæйæ, сабитæм сæ Фыдыбæстæмæ уарзондзинады æнкъарæнтæ сæвзæрын кæныныл архайын.

**ÆРМÆГ:** видеороликтæ: «Писмо Митын Дадамæ», «Митын Дадайы дзуапп», «Кæнæм тырыса æмæ гербы нывгæндтытæ», интерактивон хъæзтытæ: «Ссар хъæугæ тырыса», «Æрæмбырд кæн герб», Ирыстоны тырыса; Ирыстоны герб (мультимедион ныв); Уæрæсе, Ирыстон æмæ Алагиры гимнтæ (фонограммæ); рухсы планшеттæ, æрдæгконд куыстытæ «Тырыса» æмæ «Герб», рæсугъд къонверт; ноутбуктæ, экран, проектор, хъæрæйдзурæн; хуызджын æндæхтæ, хæсгæрдтæ, клей, уымæл салфеткæтæ.

## I. Ныхас паддзахадон символты тыххæй.

*Лæууынц экраны акомкоммæ. Экраныл видеоролик, сабитæ Митын Дадайæн писмо куыд фыстой, уыимæ.*

- Уæ бон хорз, сабитæ! Мах айфыццаг кæмæндæр писмо фыстам. Хъуыды йæ кæнут? Кæмæ фыстам?
- Æмæ уын Митын Дада дзуапп æрбарвыста. Бакæсæм æм? Кæсæм уæдæ.

*Кæсынц видеороликмæ*

- Сабитæ, Митын Дада цавæр зындзинадыл сæмбæлд, уый бамбæрстат?
- Нæ бон ын баххуыс кæнын у?
- Цы хуызы? Куыд ис иу бæстæ, иу паддзахад кæнæ республикæ иннæмæй раиртасын? ***(Алы паддзахад, алы республикæйæн дæр ис йæхи символтæ)***
- Ранымайут-ма сæ, цавæр символтæ сты? ***(тырыса, герб,гимн)***
- Митын Дада Уæрæсейы картæ куы æвдыста, уæд дзы уыдис бирæ тырысатæ. Уыдон уыдысты Уæрæсейы скондмæ чи хауы, уыцы республикæты тырысатæ. Ирыстоны тырыса цавæр у, уый Митын Дада куы зыдтаид, уæд æй уайтагъд базыдтаид, нæ республикæ кæм ис, уый. Цæй, æмæ йын радзурæм Цæгат Ирыстоны символты тыххæй.
- Уæ хорзæхæй, стъæлтты уæлхъус уæ бынæттæ æрцахсут.

## II. Интерактивон хъазт «Ссар хъæугæ тырыса».

- Сабитæ, куыд загътам, афтæмæй Ирыстон хауы Уæрæсейы скондмæ. Ирыстонæй уæлдай ма Уæрæсейы ис бирæ æндæр республикæтæ. Æмæ алкæмæн дæр ис йæхи символтæ. Фæлæ, цыма Уæрæсейæн та нæй йæхи тырыса, йæхи герб æмæ гимн? ***(Ис)***
- Æмæ цы хуызæн сты, уый зонут?

- Уæдæ ма бавдæлут æмæ, уæ экраныл цы тырысатæ ис, уыдоны ’хсæн ссарут Уæрæсейы тырыса. Раст кæд уат, уæд уыцы тырыса экранæй хъуамæ алидза.

*Сабитæ архайынц*

-Тынг хорз! Уæрæсейы тырыса ссардтам. Ныр рахизут иннæ слайдмæ æмæ дзы ссарут нæхи, Ирыстоны тырыса. *(Сабитæ архайынц)*

- Тынг хорз сæххæст кодтат уæ хæс! Ныр мæм хæстæгдæр рацæут æмæ лæмбынæг æрдзурæм нæ тырысайыл.

*Хъомылгæнæг йæ къухмæ райсы Ирыстоны тырыса*

- Æркæсут-ма æмæ зæгъут, йе ’сконд цавæр у, цал хуызæй арæзт у? ***(Æртæ хуызæй)***

- Ранымайут-ма сæ, цавæр хуызтæ сты? ***(Урс,сыхр æмæ бур)***

- Тырысайы алы хуызæн дæр ис йæхи сæрмагонд нысаниуæг. Зæгъут-ма, цы нысан кæны урс хуыз? ***(Уды сыгъдæгдзинад)***

- Иттæг раст! Цы нысан кæны сырх хуыз? ***(Хъæбатырдзинад)***

- Раст зæгъут! Уæдæ бур хуыз та цы нысан кæны? ***(Фарн, бæркад)***

- Мæ зæрдæ уæ райы, раст дзуаппытæ мын раттат! Ныр иучысыл аулæфæм æмæ не’уæнгтæ аивазæм.

**III. Уæнгивæзт.** Систам къухтæ мах уæлæмæ,
Къахфындзтыл фæуайæм цырд,
Ныр та къухтæ сты дæлæмæ –
Зæвæттыл уыдзæн нæ цыд.

Згъорынц сабитæ æмбырдæй,
Къухтæ астæуыл æвæрдæй.
Згъорд фæтынгдæр мах кæнæм,
Ныр та сабыргæй цæуæм.

Къах бæрзонд исын хъæуы,
Иннæ къах йе 'мдзыд кæны,
Æрбадæм дзуццæджы ныллæг,
Бабызтау цæуæм цæрдæг.

Айстам базыртæ уæрæх,
Уарийау уæларвмæ стæх,
Дардæй алырдæм фæлгæс,
Сæххæст кодтам мах нæ хæс!

**IV. Интерактивон хъазт» Æрæмбырд кæн герб».**

- Мах æрдзырдтам фыццаг паддзахадон символ – тырысайы тыххæй. Дыккаг символ та цы у? ***(Герб)***

- Æмæ æмтгæй зæгъгæйæ та, герб цы у? ***(Герб у ныв)***

- Раст стут. Æмæ уыцы нывмæ гæсгæ, растдæр зæгъгæйæ та – гербмæ гæсгæ ис раиртасæн иу паддзахад кæнæ рæспубликæ иннæмæй.

- Зæгъут-ма, æмæ герб канд паддзахад кæнæ республикæйæн вæййы? ***(Нæ, герб ма вæййы горæтæн дæр, мыккаг кæнæ бинонтæн)***

- Иттæг раст! Æмæ йæ æз зонын, сымах уæ ныййарджытимæ архайдтад цавæрдæр куыстыл. Цы куыст кодтат? ***(Мах арæзтам нæ бинонты гербытæ)***

- Æхсызгон мын у! Ныр уæ алы бинонтæн дæр уыдзæн йæхи сæрмагонд герб. Фæлæ раздæхæм нæ паддзахадон символтæм. Уæ размæ ис иннæ хæслæвæрд. Æрбадут та компьютерты уæлхъуыс. Экраныл уынут цавæрдæр дихгонд нывтæ. Сымах хъуамæ уыцы хицæн хæйттæ иумæ æрæмбырд кæнат æмæ зæгъат, цы уын дзы рауад, уый.

*Сабитæ архайынц, стæй дзурынц, цавæр гербытæ сын дзы рауад: Уæрæсе, Ирыстон, Дзæуджыхъæу, Алагир.*

- Тынг хорз архайут! Æмæ та ногæй чысыл бæстондæр аныхас кæнæм нæхи, Ирыстоны гербы тыххæй. Уе'ргом экранмæ раздахут.

*Сабитæ экранмæ æвввахсдæр æрбалæууыдысты*

- Нæ герб махæн баззад нæ фыдæлтæй. Зæгъут-ма, цы йыл сныв кодтой? ***(Франк)***

- Куыд ма хонынц франкы? ***(Мысыр)***

- Цыхуызæн у франк гербыл? ***(Сыгъзæринхуыз сау тæппытимæ)***

- Цæмæн равзæрстой нæ фыдæлтæ франкы гербыл сныв кæнынмæ? Цы нысан кæны? ***(хъæбатырдзинад, сæрыстырдзинад, хъару, тых, æдасдзинад)***

- Раст зæгъут. Франк у сæрыстыр æмæ æдас. Йæхæдæг никæй хъыгдары. Фæлæ бахъуаджы рæстæг йæ сæрмæ æгаддзинад не'рхæссдзæн, æмæ æдасæй бырсдзæн размæ, знаджы ныхмæ. Ирон адам сæхи хонынц ацы хъæбатыр æмæ сæрыстыр сырды хуызæн æмæ йæ уымæн равзæрстой сæ гербыл сныв кæнынмæ.

- Уымæй уæлдай ма цы уынæм гербыл? ***(хæхты нывтæ)***

- Æмæ уый та цæмæн? ***(Уымæн æмæ нæ бæстæ, нæ республикæ у хæххон бæстæ, ис нæм тынг бирæ бæрзонд, рæсугъд хæхтæ)***

- Хорз, мæ хæлæрттæ! Мæнæ уæдæ сбæлвырд кодтам нæ дыууæ паддзахадон символы. Фæлæ мын сымах æппæты разæй æртæ символы ранымадтат. Кæцыйы кой нæма ракодтам? ***(Гимны кой)***

- Æмæ цы у гимн? ***(Гимн у зарæг. Конд у музыкæ æмæ æмдзæвгæйæ. Æмдзæвгæйы ныхæсты вæййы куыд рæсугъд, куыд хорз у уыцы бæстæ æмæ куыд уарзон у йæ адæмæн, йæ цæрджытæн, уый кой)***

- Иттæг раст! Гимн у алы паддзахад, алы республикæ, гæнæн ис æмæ алы горæты дæр, сæйраг зарæг. Æмæ йæ фæкæнынц цавæрдæр сæрмагонд кадджын цауты кæнæ уавæрты.

- Зæгъут-ма, гимн куы цæгъда, уæд æм цы æгъдауæй, цы фæткæй хъусын хъæуы? ***(Гимнмæ фæхъусынц лæугæйæ, нæлгоймæгтæ сисынц сæ худтæ.***

***Гимн куы цæгъда, уæд не'мбæлы ныхас кæнын. Кæд ныхæстæ зонай, уæд хъæрæй нæ, фæлæ сабыргай зарын æмбæлы)***

- Рæстытæ мын радзырдтат. Уæдæ ныртæккæ та мах байхъусдзыстæм цалдæр гимнмæ. Сымах хъуыамæ базонат, кæй гимнтæ сты, уый.

*Хъусынц радыгай Уæрæсе, Ирыстон æмæ Алагиры гимнтæм æмæ сæ кæрæдзийæ иртасынц.*

**V. Рухсгæнæн планшеттыл архайд «Скæнæм Митын Дадайæн Ирыстоны тырыса æмæ гербы нывгæндтæ».**

- Сабитæ, мах абон тынг стыр æмæ ахсджиаг куыст бакодтам. Фидарæй мæ уырны, Митын Дада нæм лæмбынæг кæй хъуыста, æмæ нæ бæстæ иннæ бæстыхæйдтæй куыд раиртасгæ у, уый кæй бамбæрста.

- Фæлæ тæрсын, мыййаг та дзы куы ферох уой нæ тырыса æмæ нæ герб цыхуызæн сты, уый. Цæй, æмæ йын нæ рухсы планшетты æххуысæй скæнæм Ирыстоны тырыса æмæ гербы нывгæндтытæ æмæ та йын сæ писмойæ арвитæм. Уæд нæ ныфс уыдзæн иннæ республикæты 'хсæн нæ æнцонтæй кæй ссардзæн Митын Дада, уый.

- Нæ раздæры фембæлдтыты цы куыст райдыдтæм, уый абон кæронмæ ахæццæ кæнæм.

*Сабитæ рухсы планшетты, «ниткография» кæй хонынц, уыцы техникæйæ пайдагæнгæ кæнынц Ирыстоны тырыса æмæ гербы нывгæндтытæ. Уыцыиу рæстæг экраныл æвдыст цæуы видæоролик сабиты рагагъоммæйы куыстимæ.*

- Тынг хорз, сабитæ! Æз уын уæ куыстытæ æвæрын къонверты æмæ йæ постхæссæг Митын Дадамæ фæхæццæ кæндзæн.

*Æвæры нывгæндтытæ къонверты*

## VI. Хатдзæг.

- Сабитæ, уæ зæрдыл ма æрлæууын кæнут, Митын Дада цавæр къуылымпыдзинадыл сæмбæлд?

- Мах ын баххуыс кодтам?

- Куыд, цы хуызы йын баххуыс кодтам? ***(Радзырдтам тырыса, герб æмæ гимны тыххæй æмæ йын сæ нывгæндтытæ дæр арвыстам)***

- Тынг хорз бакуыстат абон. Ныр, Митын Дада писмо куы райса, уæд нæ æнцонтæй ссардзæн. Тагъд рæстæджы йыл, æд лæвæрттæ, нæ рæвдауæндоны хъæлдзæгæй сæмбæлдзыстæм.

- Ныр та уал уын зæгъын бузныг æмæ хæрзбон. Нæ иннæ фембæлдмæ!